

# Transportation Transformation

N ap konekte kominote yo grasa chwa transpòtasyon

## CHWAZI YON OPSYON, PLANIFYE POU LAVNI

Broward MPO a, ansanm avèk plizyè ajans patnè, ap dirije Etid Planifikasyon sou Amelyorasyon nan Transpòtasyon sou University Drive, youn pami plizyè seri etid planifikasyon sou transpòtasyon nan Konte Broward ki gen kòm objektif pou li defini lavni rezo transpòtasyon an. Yo kreye Komite Konsiltatif Pwojè a (Project Advisory Committee: PAC) ki konpoze de reprezantan ki soti nan trèz minisipalite toutolon koridò a, nan Konte Broward, ak reprezantan ki soti nan plizyè ajans transpòtasyon, pou sèvi kòm vwa kominote a pandan tout etid la, pou yo ka ede idantifye solisyon ak bay konsèy jeneral.

University Drive se youn nan wout transpòtasyon nò-sid ki pi kritik nan Konte a, e l ap konfwonte plizyè difikilte, pami lèkèl gwo anbouteyaj, opsyon transpòtasyon pratik ki limite, ak yon mank twotwa ki san danje e ki pwolonje, avèk yon mank enstalasyon pou bisiklèt tou. Etid sa a ap eksplòre yon kantite opsyon amelyorasyon nan transpòtasyon pou tout moun ki itilize wout la pou jere anbouteyaj, pou ogmante opsyon depasman, e pou amelyore kalite lavi a, atravè yon sistèm transpòtasyon ki san danje, ki pi pratik e ki konfòtab.

Nou ta renmen ou bannou opinyon w sou opsyon posib ki ka genyen konsènan transpòtasyon pou University Drive. Tanpri, ale sou sit Entènèt la nan [www.UniversityDriveImprovements.org](http://www.UniversityDriveImprovements.org) epi konplete sondaj entèyaktif nou an pou fè nou konnen sa w panse. Sondaj la pèmèt ou chwazi priorite ou genyen pou zòn nan, li esplik chak nan opsyon yo avèk yon reprezantasyon grafik, e li evalye kijan chak nan opsyon yo reponn a chak nan priorite w yo. Moun ki konplete sondaj la avan le 15 jiyè oswa disi dat sa a, y ap antre yo nan yon tiraj pou yo ka genyen yon tablèt gratis!




**Konplete sondaj nou an nan**  
**[www.UniversityDriveImprovements.org](http://www.UniversityDriveImprovements.org)**  
**disi 15 jiyè pou w gen chans genyen yon tablèt gratis!**



Komite Konsiltatif Pwojè a (Project Advisory Committee) pou etid University Drive la, te rankontre le 7 me nan Biwo Broward County Transit.

- KISA KI LADAN I**
- MESAJ PREZIDAN AN
  - PWOGRAM AMELYORASYON NAN TRANSPÒTASYON
  - PWOGRAM AK OBJEKTIF DBE
  - EDIKASYON AK SÈVIS KOMINOTÈ
  - SPEAK UP BROWARD



Komisyonè Richard Blattner  
Prezidan, Broward MPO  
Vil Hollywood, Distrik 4

# Mesaj Prezidan an

Lè n ap kontanple akonplisman Broward MPO a fè depi kreyasyon li an jiyè 1977, se mizik Bob Dylan lan: "The Times They Are A Changing (Tan yo ap Chanje)" ki sanble ki apwopriye nan ka sa a. Menm jan li te ekri sou reyaksyon vizavi sityasyon k ap dewoule yo, MPO a te adapte l nan ane ki pase yo, a chanjman ki prezante nan nivo konte a, nan nivo

leta, ak nan nivo federal. An out 2010, MPO a te separe li de ajans prensipal li a, Broward County Board of County Commissioners (Konsèy Komisyonè Konte yo nan Broward County), e li vin yon ajans endepandan pou li sa reponn pi byen a bezwen lokal k ap chanje yo, a opòtinite sibvansyon ki prezante yo ak egzijans federal ak eta yo. Avèk letan, nou resevwa plis finansman nan men Administrasyon Federal Otowout (Federal Highway Administration) ak Administrasyon Federal Transpòtasyon (Federal Transit Administration), ansanm avèk plizyè lòt sous sibvansyon; e jan nou te mansyone l nan dènye piblikasyon bilten enfòmasyon sa a, pa gen lontan ke MPO a kòmanse kolekte Frè Adezyon pou Manm pou li sa angaje lòbri yo pou yo pèsere devan plizyè komite diferan ki apwouve pwojè e ki distribye fon.

Ant kreyasyon inisyèl MPO a ak 2010, popilasyon Konte a ogmante de pliske 800.000. Plis moun vle di plis trafik sou wout yo; kidonk,

MPO a kontinye konsantre l sou amelyorasyon nan tout tip transpòtasyon yon fason pou diminye trajè moun fè nan machin e pou ankouraje moun mache plis nan kominote yo. Jan nou mansyone l nan atik ki pi ba a, pwojè Pwogram Amelyorasyon nan Transpòtasyon nou an (Transportation Improvement Program: TIP), pwopoze tout yon gam pwojè, ki gen ladan yo pwojè kiranfòse sekirite bisiklèt ak pyeton e ki ogmante itilizasyon enstalasyon transpòtasyon. Pa egzanp, yon gwo priyorite se devlopman yon kat Biyè Inivèsèl (Universal Fare). MPO a ap etabli yon pwogram pilòt an kowòdinasyon avèk plizyè ajans Transpòtasyon nan Miami-Dade, FDOT, ak Sistèm Transpòtasyon Konte Broward (Broward County Transit), ki pral pèmèt yon pasaje itilize yon kat pou l peye pou biyè pou diferan enstalasyon transpòtasyon yo. Yon lòt pwojè trè enpòtan ke MPO a ap kolabore ladan l se Lyezon Tri-Rail Coastal la (Tri-Rail Coastal Link), ki se yon sèvis vwa fere sou yon pakou 85 mil sou vwa fere FEC a apatide santrevil Miami jouk rive Jupiter. Yo estime ke sèvis transpòtasyon sa a pral gen 20 a 25 estasyon ki konekte 28 minisipalite.

M ap ankouraje w pou kontinye patisipe nan pwosesis planifikasyon nan transpòtasyon an atravè inisyativ **Speak Up Broward** nou an, e pou gade ak konprann plan transpòtasyon alontèm ou an: **Angajman 2040**. Si w bezwen plis enfòmasyon, tanpri ale sou sit Entènèt la nan [www.Commitment2040.org](http://www.Commitment2040.org).

Nou kontan anpil pou avni a... "tan yo ap chanje" tout bon vre.



## TRANSPORTATION IMPROVEMENT PROGRAM



## PWOGAM AMELYORASYON NAN TRANSPÒTASYON

MPO a fèk pibliye yon pwojè sou **Pwogram Amelyorasyon nan Transpòtasyon (Transportation Improvement Program: TIP) pou 2014/15 - 2018/19**. TIP se yon lis pwojè sou transpòtasyon ki finanse onivo federal, leta ak lokal, e ki gen ladan l pwojè pou transpòtasyon, wout, pon, avyasyon, pò maritim, ray, sèvis transpòtasyon sou ray, enstalasyon pou bisiklèt, pwovizyon pou pyeton, ak pwojè amenajman tankou amenajman peyizaj ak amenajman pasaj koridò pou itilizasyon rekreatif.

Gen twa reyinyon ki pwograme kote piblik la pral gen opòtinite pou l bay kòmantè li sou pwojè y ap pwopoze yo; reyinyon piblik sa yo pral fèt nan Biwo Konsèy Administrasyon Broward MPO a (Broward MPO Board Room), ki sitiye nan imèb Trade Centre South Building, 100 West Cypress Creek Road, Suite 850, Fort Lauderdale, FL 33309:

- Komite Kowòdinasyon Teknik, le mèkredi 25 jen 2014 a 2:30 p.m.
- Tabwonn pou Patisipasyon Kominotè, le mèkredi 25 jen 2014 a 6:00 p.m.
- Konsèy Broward MPO le jedi 10 jiyè 2014 a 9:30 a.m. (Desizyon final yo pran)

N ap ankouraje piblik la pou li revize epi bay kòmantè li sou TIP; n ap aksepte kòmantè jiska 10 jiyè, 2014. Ou ka wè pwojè TIP n ap pwopoze a nan biwo Broward MPO a, nan wit Bibliyotèk Rejyonal Konte Broward yo (pou yon lis adrès bibliyotèk rele nan 954-876-0033 oswa ale sou sit Entènèt la); ak sou sit Entènèt Broward MPO a nan: [www.browardMPO.org](http://www.browardMPO.org), nan seksyon the "Programs (Pwogram yo)" ak **Pwogram Amelyorasyon nan Transpòtasyon (Transportation Improvement Program)**.

Eskane kòd QR la sou smart phone ou pou w ale nan sit Entènèt TIP la.



## PWOGAM AK OBJEKTIF DBE - SOLISITASYON KÒMANTÈ PIBLIK LA!

Broward MPO ap solisite kòmantè piblik la sou Objektif ak Pwogram pou Antrepriz Defavorize (Disadvantaged Business Enterprise: DBE) li genyen an ki fè patide Administrasyon Federal Transpòtasyon, pou ane 2014 la konfòmman ak 49 CFR, Pati 26. Objektif jeneral n ap pwopoze pou 2014 se **8,0 pousan (8%)**. Ou ka wè objektif ak metodoloji pwogram lan nan biwo Broward MPO a pandan lè nòmal biwo a louvri yo oswa sou sit Entènèt Broward MPO a ki nan [www.browardMPO.org](http://www.browardMPO.org) paj "Doing Business (Fè Biznis)" oswa "Equal Opportunity (Opòtinite Egal)" yo. Ou ka voye kòmantè w yo bay Christopher Ryan, Ofisye Lyezon DBE nan (954) 876-0036, ou ka voye yo pa lapòs nan adrès ki pi ba a, oswa faksè yo nan 954-876-0062 oswa voye yo pa imel nan [ryanc@browardmpo.org](mailto:ryanc@browardmpo.org)



## EDIKASYON AK SÈVIS KOMINOTÈ



### ANN AL MONTE BISIKLÈT!

Pou selebre **Mwad Mas la se Mwa Bisiklèt (March is Bicycle Month)**, Broward MPO mete ansanm avèk plizyè òganizasyon lokal pou l òganize **Ann al Monte Bisiklèt (Let's Go Biking)**, yon maten ki chaje avèk aktivite ki gen ladan yo yon pwonmad amizan sou bisiklèt avèk yon gwoup ansanm avèk Mè Ryan, ki se Mè Vil Sunrise la, toutolon New River Greenway a. Evènman an te fèt sou Markham Park, 16001 W. State Road 84 nan Sunrise, de 10:00 a.m jiska 1:00 p.m. nan samdi, 29 mas. Evènman an te yon gwo siksè e li te gen ladan l aktivite adisyonèl tankou resiklaj bisiklèt, eseyaj kas, distribisyon kado, yon demonstrasyon manje ki bon pou lasante, kamyon k ap vann manje, ak anpil lòt aktivite toujou.

*Agòch, Mè Ryan ak Komisyone Jacobs.*



### FINANSMAN SIBVANSYON TIGER

Le 10 avril, ofisyèl nan Broward MPO ak Palm Beach MPO te vwayaje ale Washington, DC pou rankontre avèk ofisyèl nan Depatman Transpòtasyon Lèzetazini (US Dept. of Transportation). Sijè yo te diskite a se te yon aplikasyon pou finansman sibvansyon federal atravè pwogram Envestisman nan Transpòtasyon ki Jenere Retablisman Ekonomik (Transportation Investment Generating Economic Recovery: TIGER) pou ede avèk depans pou enfrastrikti sekirite sou ray tren, pou yo kalifye potansyèlman kòm Zòn Trankil (Quiet Zones), kidonk k ap vin diminye sou kantite kout klaksòn yo egzije tren k ap pase nan koridò FEC a bay apre yon ogmantasyon antisipe nan trafik sou ray la.



*(De gòch a dwat) Direktè Egzekitif Palm Beach MPO a, Nick Uhren; Mè Vil Boca Raton lan ak Prezidan Palm Beach MPO a, Susan Haynie; Komisyone Vil West Palm Beach ak Manm Konsèy Palm Beach MPO a, Shanon Materio; Direktè Egzekitif Broward MPO a, Gregory Stuart; Komisyone Vil Ft. Lauderdale ak Zzyèm Vis Prezidan Broward MPO a, Bruce Roberts; Vis-Mè Vil Hollywood la, Patricia Asseff; ak Komisyone Vil Hollywood la ak Prezidan Broward MPO a, Richard Blattner.*

Pabliye pou patisipe nan konvèsasyon sou transpòtasyon nan Broward la, lè ou swiv **SpeakUp Broward** pi ba a.

Swiv Nou



### RETE BRANCHE. VIN PATISIPE.

Swiv nou pou gen dènye enfòmasyon sou transpòtasyon nan Broward

SIT ENTÈNÈT LA SE: [www.SpeakUpBroward.org](http://www.SpeakUpBroward.org)  
 FACEBOOK: [www.facebook.com/SpeakUpBroward](http://www.facebook.com/SpeakUpBroward)  
 TWITTER: [www.twitter.com/SpeakUp\\_Broward](http://www.twitter.com/SpeakUp_Broward)  
 LINKEDIN: [www.linkedin.com/company/speak-up-broward](http://www.linkedin.com/company/speak-up-broward)  
 YOUTUBE: [www.youtube.com/watch?v=p85ym801zI0](http://www.youtube.com/watch?v=p85ym801zI0)  
 INSTAGRAM: [www.instagram.com/speakupbroward](http://www.instagram.com/speakupbroward)





**Ede nou PRAN SWEN LANATI!**  
Mande pou resevwa bilten enfòmasyon  
Broward MPO a pa imèl; pou fè sa, kontakte  
Chris Ryan nan ryanc@browardMPO.org  
oswa rele nan (954) 876-0036

VIZITE SIT ENTÈNÈT NOU AN NAN WWW.BROWARDMPO.ORG

PRSR STD  
US POSTAGE  
PAID  
FT. LAUDERDALE, FL  
PERMIT #3973

## REYINYON KI PLANIFYE

	JIYÈ 2014	OUT 2014	SEPT 2014	OKT 2014
<b>Òganizasyon pou Ibanizasyon Zòn Metwopolitèn nan Broward (MPO)</b> <i>Rankontre chak 2zyèm jedi a 9:30 a.m.</i>	10	Pa gen reyinyon	11	9
<b>Komité Kowòdinasyon Teknik (TCC)</b> <i>Rankontre chak 4yèm mèkredi a 2:30 p.m.</i>	Pa gen reyinyon	27	24	22
<b>Tabwonn pou Patisipasyon Kominotè (CIR)</b> <i>Rankontre chak 4yèm mèkredi a 6:00 p.m.</i>	Pa gen reyinyon	27	24	22
<b>Konsèy Kowòdinasyon Lokal (LCB)</b> <i>Rankontre chak lendi a 2:00 p.m.</i>	Pa gen reyinyon	Pa gen reyinyon	22	27

\* Dat sa yo chanje akòzde konje oswa konfli

Tout reyinyon yo ap fèt nan Biwo Konsèy Administrasyon Broward MPO (Broward MPO Board Room), Swit 850, nan imèb Trade Centre South . la.

N ap ankouraje patisipasyon piblik la, san konsiderasyon ras, koulè po, orijin natifnatal, laj, sèks, relijyon, andikap oswa estati famiyal. Moun ki bezwen akomodasyon espesyal selon Lwa ki anfavè Ameriken ki Andikape (Americans with Disabilities Act: ADA) oswa moun ki bezwen sèvis tradiksyon (gratis) dwe kontakte Christopher Ryan nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org. Si ou gen pwoblèm pou tande, rele nan 1 (800) 273-7545 (TDD).

Pou plis enfòmasyon sou reyinyon ki pral fèt yo, sou kouman pou pote plent, si ou gen kesyon oswa enkyetid sou dwa sivil oswa non-diskriminasyon; oswa pou demann espesyal selon lwa ADA, tanpri, kontakte: **Christopher Ryan, Ofisyè Enfòmasyon Piblik/Kowòdonatè Tit VI nan (954) 876-0036 oswa ryanc@browardmpo.org.**

## ÈSKE W TE KONNEN?

Moun k ap voye tèks nan telefòn pandan y ap kondwi gen 23 fwa plis chans pou yo lakòz domaj pwopriyete ki grav, pou yo sibi blesi ki grav, oswa pou yo mouri.

**Piga tekste pandan w ap kondwi, sa kont lalwa.**

